

# PERWATAKAN PSIKIS PARAGATAMA PATUT RAHARJA WONTEN ING SALEBETING NOVEL SER !SER ! PLONG ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

## PSYCHIC CHARACTER OF THE MAIN ROLE PATUT RAHARJA IN NOVEL SER! SER! PLONG BY SUPARTO BRATA

Oleh: Wiwit Atmiasih, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

### Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken perwataka psikis paragatama Patut Raharja wonten salebeting novel Ser ! Ser ! Plong. Panaliten menika ngandharaken wujud konflik psikologis, panyebab konflik psikologis, usaha kangge ngrampungaken konflik psikologis paragatama Patut Raharja wonten salebeting novel Ser! Ser ! Plong. Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Data wonten ing panaliten menika awujud wujud konflik psikologis, panyebab konflik psikologis, saha usaha kangge ngrampungaken konflik psikologis. Sumber datanipun inggih menika novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika dipuntaliti kanthi pendekatan psikologi sastra. Cara ngempalaken data saking panaliten menika mawi caara nyerat maos saha nyerat. Data dipunanalisis mawi cara analisis deskriptif kanthi tindak kategorisasi. Cara kangge ngesahaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken validitas semantik, reliabilitas intrarater. Asiling panliten menika awujud konflik psikis paratama, panyebab konflik psikis paragatama, cara ngrampungaken konflik ingkang dipunalami paragata Patut Raharja wonten salebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata. Wujud konflik psikis (Patut Raharja) inggih menika sar-saran, boten percaya, adreng, duka, kuwatos, gela, cubriya, gumun, sereng. Panyebabipun ingkang paling dominan amargi remenipun kaliyan Yuni Shara. Caranipun ngrampungaken konflik psikis menika sublimasi, regresi, agresi, pengalihan, apatis, rasionalisasi, reaksi formasi, proyeksi.

Pamijining tembung: perwatakan, psikis, paragatama, novel, Ser!Ser!Plong

### Abstract

*This research has the purpose to explain the psychological disposition of the main character Patut Raharja in the novel is Ser! Ser! Plong work Suparto Brata. This study describes a form of psychological conflict, causes psychological conflict and how to resolve psychological conflict the main character Patut Raharja in the novel Ser! Ser! Plong work Suparta Brata. This study included descriptive research. Data in this study a form of psychological conflict, causes psychological conflict, and how to resolve psychological conflict. The data source that is novel Ser! Ser! Plong work soeparto Brata. This research uses psychological approaches literature. how to collect data in this research is by reading and taking notes. Data were analyzed by way of description and categorization. a way to validate the data in this study is the semantic validity, reliability intrarater. the results of this research is a form of psychological conflict, causes psychological conflict, and how to resolve conflicts experienced by the main character Patut Raharja in the novel Ser! Ser! Plong work soeparto Brata. a form of psychic conflict Patut Raharja is pulse, do not believe, insistent, angry, worried, lamented, suspicious, surprise, ruthless. The most dominant cause is because of his love to Yuni Shara. how to resolve the psychological conflict that is by sublimation, regression, aggression, redirection, apathy, rationalization, reaction formation and projection.*

### PURWAKA

Sastra Inggris menika wujud ungkapan diri pribadi manungsa ingkang awujud pengalaman. Asiling sastra menika dipunsebat karya sastra, wujudipun karya sastra menika wonten Kaling inggib lesan kalian Seratan. Wonten ing panaliten menika badhe ngrembag

salah satunggaling wujud karya sastra ingkang awujud Seratan inggih menika novel Ser! Ser! Plong Anggitanipun Suparto Brata. Novel menika nyariyosaken paragatama patut Raharja ingkang nglampahi konflik konflik wonteng ing Gesang oadintenan saengga medalaken watak, tumindak, saha solahbawanipun. Novel menika

nyariyosakaen paragatama Patut Raharja ingkang nglampahi konflik-konflik ing gesang padintenan saengga medalaken watak, tumindak saha salah bawanipun paragatamaanggenipun nglampahi konflik menika. Konflik ingkang dipunlampahi paragatama saged mangaribawani watakipun paragatama mliginipun watak psikis.

## **GEGARAN TEORI**

Psikologi inggih menika pirembagan ilmiah ngengingi tindak-tanduk lan proses-proses mental. Wonten tigang istilah kangge paring teges dhateng tembung psikologi, inggih menika: “ilmu pengetahuan, perilaku, dan proses-proses mental”. Lajeng, proses mental inggih menika saedaya pamikiran, pangraos, lan motivasi ingkang dipunalami dening kita pribadi, ananging boten saged dipuntaliti kanthi langsung.

Antawisipun sastra kaliyan psikologi menika gadhah hubungan fungsional inggih menika sami-sami saged kangge sarana nyinaoni babagan kajiwaan-kajiwaan manungsa. Geegayutan antawisipun sastra kaliyan psikologi menika ugi sami-sami anggenipun nyinaoni babagan gesangipun manungsa. Sastra, ngandharaken manungsa ingkang namung imajinasinipun panganggit utawi manungsa imajiner ananging menawi psikologi ngandharaken manungsa ingkang nyata utawi riil ingkang gesang wonten ing ngalam nyata. Antawisipun psikologi kaliyan sastra menika saling melengkapi saha gadhah gegayutan margi dipunginakaken kangge manggihaken proses penciptaan karya sastra. Psikologi dipunginakaken kangge menghidupkan karakter para paraga ingkang kadamel dening panganggit.

Psikologi sastra kapanggihaken ing salebeting karya sastra, mliginipun novel. Sastra minangka gejala kejiwaan kawrat kadadosan-kadadosan ingkang wonten gayutanipun kaliyan psikis utawi kejiwaan, saengga karya sastra saged dipunkaji migunakaken pendekatan psikologi amargi antawisipun sastra kaliyan psikologi gadhah gegayutan ingkang sipatipun boten langsung.

## **CARA PANALITEN**

Pendekatan ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih pendekatan *psikologi sastra*. *Psikologi sastra* inggih menika pirembagan sastra ingkang ningali sastra minangka aktivitas kejiwaan (Endraswara: 2003:96). Pendekatan menika dipunginakaken amargi jumbuh kaliyan ancas panaliten, inggih menika ndeskripsikaken perwatakan psikis paragatama ing novel *Ser! Ser! Plong* anggitanipun Suparto Brata. *Teori psikologi sastra* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika ngginakaken teori *psikoanalisis* Sigmund Freud.

Data panaliten menika awujud tembung, ukara, paragraph sarta pawicantenan ingkang wonten ing novel *Ser! Ser! Plong* anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi mundhut saha nganalisis dhata ingkang gayut kaliyan watesaning perkawis. Sumber data panaliten menika awujud novel kanthi irah-irahan *Ser! Ser! Plong* anggitanipun Suparto Brata.

Cara anggenipun ngempalaken dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken kalih cara, inggih menika maos kaliyan nyathet. Pirantining panaliten ing panaliten menika

awujud kartu dhata. Cara nganalisis dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken cara analisis deskriptif. Anggenipun ngesahaken dhata wonten ing panaliten menika pikantuk saking validitas saha reliabilitas. Uji validitas semantic dipunginakaken kangge mangertosi makna simbolik ingkang wonten gayutanipun kaliyan konteksipun. Salajengipun anggenipun uji reliabilitas dhateng panaliten manika ngginakaken reliabilitas intrarater inggih menika maos saha nliti ngantos pikantuk dhata ingkang boten saged ewah utawi konsisten.

### ASILING PANALITEN

Asiling panaliten wonten ing panaliten menika nggengingi perwatakan psikis paragatama Patut raharja inggih menika wujud konflik psikis, menapa ingkang dados penyebab konflik psikis saha caranipun ngrampungaken konflik ingkang dipunlampahi paragatama Patut Raharja wonten salebeting Novel Ser! Ser! Plong Anggitanipun Suparto Brata.

Konflik inggih menika samubarang ingkang asipat boten ngremenaken ingkang kadadosan utawi dipunlampahi dening para paraga wonten ing cariyos.

Konflik psikologis ingkang dipunalami dening Patut Raharja inggih menika wonten sangang wujud, inggih menika sar-saran, boten percaya, adreng, duka, kuwatos, gela, kuciwa, cubriya, gumun lan sereng. Perkawis ingkang awujud sar-saran lajeng struktur kapribaden ingkang langkung dominan inggih menika wonten ing system ego.

Panyebab *konflik psikologis* ingkang dipunalami dening paragatama Patut Raharja

inggih menika *konflik psikologis* awujud sar-saran dipunsebabaken amargi Patut weruh athi-athi ing pipi aluse si Kenya (Yuni Shara/Amrik Ngambarwangi) ; *konflik psikologis* ingkang awujud boten percaya dipunsebabaken bilih Patut Raharja boten percaya kaliyan asmanipun Yuni Shara; *konflik psikologis* ingkang awujud adreng dipunsebabaken Patut raharja kepingin banget sowan dalemipun Yuni Shara; *konflik psikologis* ingkang awujud duka dipunsebabaken amargi Patut dipuntampik dening Yuni Shara anggenipun nyuwun kalodhangan mligi kangge sir-siran; *konflik psikologi* ingkang awujud kuwatos dipunsebabaken amargi Ibunipun Patut crita kaliyan Wangi Lestari bilih Patut sampun nate dansah kaliyan Tinejke Herozelan; *konflik psikologis* ingkang awujud gela dipunsebabaken bilih Wangi Lestari lagi kepoanggih sakmenika boten kawit rumiyin; *konflik psikologis* ingkang awujud kuciwa dipunsebabaken amargi Amargi Wangi Lestari boten kemutan kang Patut Emut ; konflik psikologis ingkang awujud cubriya inggih menika Amargi Wangi diundang karo jeneng Wungu dening kanca-kancanipun;; konflik psikologis ingkang awujud gumun dipunsebabaken amargi Wangi sombong kaliyan kanca-kancanipun;; konflik psikologis ingkang awujud sereng dipunsebabaken amargi Patut Raharja rumaos direbut pacanganipun inggih menika Wangi Lestari; konflik psikologis ingkang awujud duka dipunsebabalken bilih Wangi nggegrek nyuwun kondur. Panyebab wujud konflik psikologi ingkang langkung dominan ingkang dipunalami dening Patut Raharja wonten salebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata inggih menika amargi

ngraosaken katresnan kaliyan Yuni Shara. Konflik psikologis ingkang dipunalami dening paragatama Patut raharja menika dipunrampungaken kanthi cara sublimasi, regresi, agresi, pengalihan, rasionalisasi, Apatis, reaksi formasi, proyeksi.

## **DUDUTAN**

Wujud konflik psikologis paragatama Patut raharja wonten ing saklebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata wonten 11 wujud inggih menika sar-saran, boten percaya, adreng, duka, kuwatos, gela, kuciwa, cubriya, gumun, sereng. Saking sedaya konflik ingkang dipunalami Patut wonten ing novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata saged dipunpendhet bilih paraga Patut Raharja ngalami sedaya konflik kawiwitan amargi saking dhorongan ego ingkang dipunraosaken.

Panyebab konflik psikologis ingkang dipunalami dening paragatama Patut Raharja wontn salebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata wonten 10 panyebab inggih menika ningali athi-athi ing pipi aluse si Kenya (Yuni Shara), amargi si Kenya ngaku bilih asmanipun Yuni Shara, Patut Raharja ngeterake Yuni Shara wonten griyanipun, amargi Patut Raharja dipuntampik dening Yuni Shara, amargi dikandake bilih Patut dansah ugi kaliyan Tineke Rozendaal, boten mangertos kadospundi anggenipun kepanggih kaliyan Wangi Lestari, ndadak kepanggih kaliyan Yuni Shara, Wangi Lestari boten kelingan lelakon jaman cilik kaliyan Patut Raharja, Wangi diundang kaliyan jeneng Wungu, Patut Raharja mangertosi Wangi digandheng tiyang jaler sanes. Saking sedaya

panyebab ingkang ndadosaken konflik psikologis ingkang paling asring ndadosaken konflik psikologis ing batospun Patut inggih menika amargi ndadak kepanggih kaliyan Yuni Shara.

Kadospundi kangge ngrampungaken konflik psikologis ingkang dipunlampahi dening patut Raharja wonten salebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata inggih menika mekanisme pertahanan ego ingkang wonten 8 wujud, inggih menika mekanisme pertahanan ego sublimasi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud sar-saran kanthi nawani kondhur sareng Yuni Shara, mekanisme pertahanan ego regresi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud boten percaya kanthi nyedhaki Yuni Shara malih, metode pertahanan ego agresi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud adreng kanthi ngajak kenalan Yuni Shara, kuciwa kanthi pasrah , mekanisme pertahanan ego pengalihan kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud duka kanthi ndadosaken tiyang sanes dados objek dukanipun inggih menika sopir taksi, mekanisme pertahanan ego apatis kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud kuwatos kanthi asikep pasrah, mekanisme pertahan ego rasionalisasi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud kuwatos kanthi Patut telpon Wangi, mekanisme pertahanan reaksi formasi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud gela kanthi eling kaliyan tumindakipun,sereng kanthi eling kaliyan tumindakipun, mekanisme pertahanan ego proyeksi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud cubriya kanthi kanthi narima kasunyatan ingkang boten dipunkajengaken, mekanisme pertahanan ego

proyeksi kangge ngrampungaken konflik psikologis awujud gumun kanthi pasrah. Saking sedaya mekanisme pertahanan ego kangge ngrampungaken sedaya konflik psikologis ingkang dipunalami paraga Patut Raharja wonten salebeting novel Ser ! Ser ! Plong anggitanipun Suparto Brata ingkang paling kathah inggih menika agresi kaliyan proyeksi.

#### KAPUSTAKAN

Budianta, Melani dkk. 2003. *Membaca Sastra*. Magelang: Tera.

Eko Wardani, E. Nugraheni. 2009. *Makna Totalitas dalam Karya Sastra*. Solo: UNS Press.

Luxemburg, Jan Van, Dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diindonesiakan Oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.

Nurgiyantoro, Burhan. 200. *Teori pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Priyatni, Endah Tri. 2010. *Membaca Sastra dengan Ancangan Literas Kritis*. Jakarta: Bumi Aksura.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Metode, Teori dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

Wellek, Rene dan Austin, Warren. 1990. *Teori Kasusastraan* Terjemahan Melani Budiartna. Jakarta: Gramedia.